

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Kabudayaan ngawengku sakabéh kahirupan manusa di sakuliah dunya, ti mimiti kahirupan manusa anu primitif nepi ka modern, nu ngawujud kana kabiasaan-kabiasaan manusa dina ngalarung kahirupanna. Nurutkeun Sumardjo (2011, kc. 3), nétélakeun yén kabudayaan Sunda bisa dihartikeun minangka sistem nilai koléktip masarakat Sunda nu dirarancang tina basa, paripolah, artépak, jeung kasenianana. Kaseanian minangka hasil kabudayaan anu umumna dipiboga ku sakabéh manusa anu ngaujud kana kabiasaan-kabiasaan dina nepikeun ekspresi atawa kereteg angen-angen dina ngahontal tujuan pikeun méré kasugemaan batin, sarta média pikeun ngadeukeutkeun diri ka Pangéran. Kasenian Sunda nu aya di Jawa Barat kawilang euyeub tur miboga ciri khas dina unggal kasenianna, boh anu patali jeung tradisi Sunda boh anu kapangaruhan ku budaya lian. Salah sahiji kasenian anu masih aya di Sunda utamana di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut nya éta kasenian hadro.

Garut minangka salah sahiji kabupatén anu aya di Provinsi Jawa Barat. Lokasina teu pati jauh jeung kabupatén Bandung, di kabupatén Garut beulah kidul aya Désa Bojong anu kaasup bagéan ti kacamatan Bungbulang. Di Désa Bojong aya kasenian anu masih dijaga tur aktif diagelarkeun dina unggal pagelaranna nya éta kasenian hadro, kasenian hadro sok dipagelarkeun dina unggal kagiatan kaagamaan nya éta dina acara muludan, rajaban, sunatan jeung nikahan, malah baheulamah sok dipagelarkeun dina upacara panén.

Kasenian hadro mangrupa ébréhan tina kahirupan masarakat Sunda anu patali jeung sumebarna agama Islam di tatar Sunda. Istilah hadro asalna ti basa Arab, nya éta *hadrah* nu pihartieunana nya éta hadir, tujuanana pikeun ngadeukeutkeun diri ka Allah SWT jeung Nabi Muhamad SAW ku ngaliwatan kasenian hadro.

Kasenian hadro anu kiwari masih kénéh dijaga tur aktif dipintonkeun dina acara kaagamaan téh salah sahijina aya di Désa Bojong. Dumasar taunna, ieu kasenian hadro geus aya di Désa Bojong ti taun 1917. Dina kasenian hadro aya masalah-masalah batin anu aya patalina jeung sipat-sipat kamanusaan, hakékat

hirup, palsapah jeung kereteg angen-angen manusa anu museur kana hiji tujuannya éta ka Pangéran.

Ayana tarékah pikeun ngaguar ngeunaan ajén réligi anu nyampak dina kasenian hadro mangrupa salah sahiji jalan pikeun ngawanohkeun jeung mekarkeun tradisi urang Sunda anu kiwari geus kapopohokeun, sarta geus langka dipaké. Ku kituna, dipiharep budaya Sunda tetep jaya di buana. Salian ti éta, kasenian hadro anu aya di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut perlu ditalungtik, lantaran mangrupa hasil budaya anu perlu dipikawanoh katut dijaga ku masarakat mangsa kiwari, hususna ku masarakat Sunda.

Patali jeung kasang tukang di luhur, nilik kana data pabukon anu kurang, malahan jarang nu ngaguar kasenian hadro, ku kituna baris mangaruhan kana kamekaran budaya Sunda. “Ajén Réligi dina Kasenian Hadro di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut (Tilikan Sémiotik)” pamohalan bisa nepi ka masarakat kiwari, saumpama prosés kréativitas kurang disodorkeun.

Panalungtikan saméméhna nu patali jeung ajén budaya ogé kasenian hadro dina panalungtikan ieu nya éta: (1) “Ajén Budaya anu Nyampak dina Upacara Ngeuyeuk Seureuh” ku Elis Suminarsih taun 2004; (2) “Simbol jeung Ma’na dina Runtuyan Acara Saba’da Nikah (Bantayan) Adat Sunda di Kacamatan Jonggol Kabupatén Bogor” ku Puji Dwi Lestari taun 2013; (3) “Ajén Budaya Sunda dina Kasenian Gaok di Désa Kulur Kabupatén Majalengka Pikeun Pangajaran Maca di SMA Kelas XII” ku Ida Aridah taun 2013; (4) “Kasenian Bring-Brung di Kalurahan Ledeng Kacamatan Cidadap Kota Bandung pikeun bahan pangajaran Maca di SMA (Ulukan Srtuktural-Sémiotik)” ku Dwi Komarasari taun 2013; jeung 5) “*Kasenian Hadro Panca Musika Pada Acara Muludan di Desa Bojong Kecamatan Bungbulang Kabupaten Garut*” ku Eva Ismayantono taun 2010.

Boh dipatalikeun jeung ajén réligi boh jeung hal-hal séjén, panalungtik miharep ieu hasil panalungtikan téh bisa mangpaat, hususna keur nu nalungtik umumna keur masarakat. Sabab panalungtikan ngeunanan ajén réligi nu nyampak dina kasenian mah kawilang jarang komo deui dina kasenian kadro. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “*Ajén Réligi dina Kasenian Hadro di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut (Tilikan Sémiotik)*” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Masalah nu patali jeung kasenian hadro nu baris ditalungtik perlu dirumuskeun sangkan leuwih museur tur teu mengpar tina naon-naon nu dipimaksud, jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi saméméh jeung prak-prakan pagelaran kasenian hadro nalika dipintonkeun?
- 2) Ajén réligi naon waé nu nyampak dina kasenian hadro ?
- 3) Kumaha ikon, indéks, jeung simbol nu aya dina kasenian hadro?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nya éta tujuan umum jeung husus. Anapon tujuan umum jeung tujuan husus di antarana saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun maluruh ajé-inajén budaya anu ngawengku ajén réligi ngaliwatan tilikan sémiotik anu masih kénéh dijaga tur dipaké dina kagiatan kaagamaan.

1.3.2 Tujuan Husus

- a) Ngadéskripsikeun saméméh jeung prak-prakan pagelaran kasenian hadro nu aya di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut;
- b) Ngadéskripsikeun ikon, indéks, jeung simbol nu nyampak dina kasenian hadro; sarta
- c) Ngadérskripsikeun ajén réligi nu nyampak dina kasenian kadro di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupaén Garut.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nya éta mangpaat tioritis, jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis nya éta pikeun nambahan elmu pangaweruh dina widang budaya utamana dina ajén réligi ogé unsur sémiotik anu nyampak dina kasenian hadro pikeun kamekaran budaya.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun nambahan pangaweruh hususna ka panalungtik, umumna ka masarakat yén kasenian hadro di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut masih dijaga tur dipaké dina unggal pintonan kaagamaan, tur nyekel ajén budaya jeung tradisi Sunda utamana dina kamekaran agama Islam.

1.5 Raraga Nulis

Bab I **Bubuka**, eusina medar kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis skripsi.

Bab II **Ulikan Tiori**, eusina medar tatapakan tiori nu ngawengku kasenian, kasenina hadro, ajén réligi, sémiotik, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tiori, jeung raraga mikir .

Bab III **Métode Panalungtikan**, eusina medar désain panalungtikan, lokasi panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

Bab IV **Hasil jeung Pedaran**, eusina medar déskripsi kasenian hadro di Désa Bojong, ajén réligi dina kasenian hadro, ajén semiotik dina kasenian hadro, jeung pedaran tina hasil panalungtikan.

Bab V **Kacindekan jeung Saran**, eusina medar kacindekan hasil panalungtikan jeung saran keur panalungtikan satuluyna.